

.....

CHAPIT 22

Ede yon fanm apre yon avòtman oswa foskouch

Nan chapit sa a:

Pwoblèm ki rive apre yon avòtman oswa foskouch.....401

Jwenn swen apre avòtman oswa foskouch.....401 Pran swen kò a apre avòtman oswa foskouch.....404

Sipò emosyonèl apre avòtman oswa foskouch.....403

Swen dijans pou pwoblèm ki rive apre foskouch oswa avòtman.....406

Avòtman ki pa konplèt.....406 Pèt de san412
Enfeksyon.....408 Gwo malèz.....414

Travay ak kominote a pou evite avòtman ki danjere.....415

Ede yon fanm apre avòtman oswa foskouch

Gen de lè yon gwosès fini anvan lè. Lè yon fanm fè foskouch, li senpman kòmanse bay san oswa li gen kontraksyon jiskaske pitit la tonbe. Lè se volonte moun nan pou li retire pitit la, yo rele sa avòtman.

Pifò foskouch pa bay pwoblèm, men gen kèk ki bay pwoblèm. Pifò avòtman ki pa danjere se sa ki fèt ak moun ki gen eksperyans, ki konn sa yo ap fè a, epi ki sèvi ak zouti ki esterilize oswa medikaman ki bon pou sa. Sepandan, anpil avòtman pa fèt byen. Pou plis enfòmasyon sou foskouch, wè paj 91. Pou plis enfòmasyon sou avòtman, wè paj 92.

Pwoblèm ki rive apre yon avòtman oswa yon foskouch



Yon fanm ka genyen gwo pwoblèm lasante apre yon avòtman oswa foskouch. Yon pati nan gwosès la ka rete nan matris li. Li ka gen pèt de san oswa enfeksyon. Si li pa jwenn tretman, li ka mouri. Chapit sa a eksplike kòman pou:

- siveye move siy.
- bay swen dijans pou yon fanm ki gen pwoblèm apre avòtman oswa foskouch.

Jwenn swen apre avòtman oswa foskouch

Fanm ki ap bay san osinon ki gen enfeksyon apre foskouch oswa apre avòtman bezwen asistans medikal byen vit. Sepandan, anpil fwa yo pa jwenn asistans sa a. Lè gen yon pwoblèm, petèt pa gen lajan pou peye pou laswenyay. Pou fanm ki rete nan vilaj izole byen lwen, yon vwayaj pou ale nan lopital ki nan vil la ka twò lwen, vwayaj la ka bay kè sote, oswa li ka koute twò chè. Anpil fanm, espesyalman fanm ki pa marye, santi ke yo dwe kache kondisyon yo paske gen moun ki gen movèz atitid kont sèks, planin, oswa avòtman. Kè sote, razè, epi distans ant fanm nan ak sant sante a, se rezon ki pa dwe fè fanm soufri – men yo fè sa souvan.





Fanmsaj ka ede sove lavi anpil fanm, paske leplisouvan fanmsaj yo se travayè lasante ki pi pre ke kominote a fè plis konfyans. Lè yon fanm malad konnen gen yon moun ki byennelve, ki gen eksperyans, ki rete tou pre, ki pa mande anpil lajan pou sèvis, gen plis chans pou fanm sa a chache jwenn laswenyay li bezwen nan men fanmsaj sa a pou evite lanmò.



Avòtman danjere (avòtman ki malfèt)

Fanm toupatou jwenn mwayen pou yo met fen nan gwoès yo pa vle. Men anpil fanm pa gen mwayen pou yo fè avòtman san danje. Piske li ilegal oswa li koute twò chè, fanm ki pa vle fè pitit la eseye chache lòt mwayen pou yo mete yon ten ak gwoès la. Yo fè avòtman nan men moun ki pa konnen oswa moun ki pa chwazi pou yo fè avòtman an byen. Moun sa yo ka mete savon, pwodi chimik, fimye, moso bwa file, ak lòt materyèl ki danjere nan matris fanm nan. Gen fanm tou ki eseye sèvi ak metòd sa yo pou kont yo. Metòd sa yo preske pa janm mache epi yo danjere anpil. Avòtman ki pa byen fèt lakòz plizyè dizèn milye fanm mouri chak ane. Plizyè santèn milye fanm tonbe malad oswa yo pa ka fè pitit ankò..

Elena pat dwe mouri! Te dwe genyen yon pi bon mannyè pou li te retire pitit la.



Pran yon desizyon pou ede

Gen kèk fanmsaj ki pè pran swen fanm ki te fè avòtman nan move kondisyon. Yo panse moun ka rann yo responsab avòtman an. Sepandan, menm nan zòn kote avòtman ilegal, li legal pou sove lavi fanm ki ap soufri apre yon avòtman ki te mal fèt.

Gen kèk fanmsaj ki kwè avòtman se yon move bagay; pou tèt sa yo refize pran swen fanm ki te fè avòtman. Sepandan, lè w pran swen yon fanm ki an danje apre yon avòtman ki mal fèt se pa menm bagay ak si se te ou ki fè avòtman an. Apre yon avòtman ki mal fèt, yon fanm ka mouri si li pa jwenn asistans. Lè fanm yo malad, pou kèlkeswa rezon an, fanmsaj dwe ede yo.

Pou kòmanse, m pat vle ede fanm ki te malad apre yo fin fè yon move avòtman. Sepandan, si mwen pat ede yo, yo tap mouri!



Mwen pa dakò ak avòtman, men m'ap ede nenpòt fanm ki ap souffri oswa ki an danje.

Sipò emosyonèl apre yon gwosès fini anvan lè

Fanm ki te fè foskouch oswa ki te fè avòtman ka gen kè sote, tristès, oswa yo boulvèse - espesyalman si foskouch la oswa avòtman an ba yo pwoblèm lasante. Doulè emosyonèl sa a gen menm enpòtans ak lòt doulè fanm nan gen nan kò l.



Ou ka ede yon fanm ak doulè emosyonèl yo anvan, pandan epi apre w fini ba li swen pou pwoblèm medikal yo.

Lè yon fanm fè foskouch, li ka santi se yon gwo desepsyon paske gwosès la fini anvan lè. Li ka santi l koupab – epi li ka gen move panse ke foskouch la se fòt li. Wè paj 91 pou plis enfòmasyon sou kisa ki ka lakòz foskouch epi kòman w ka bay yon fanm laswenyay ak sipò apre yon foskouch.

Lepli souvan, si yon fanm gen yon gwo pwoblèm lasante apre li fin fè yon avòtman se paske avòtman an te mal fèt. Si moun ki te fè avòtman an pat byen fè li, moun sa a ka se yon moun ki malelve oswa ki derespektan. Avòtman an ka te bay fanm nan kè sote ak anpil doulè. Si avòtman an ilegal, fanm nan ka pè pou yo pa pini li. Fè tout efò pou w bay fanm sa yo plis swen.

Fanmsaj ka ede yon fanm ki gen doulè emosyonèl

Pataje enfòmasyon



Eksplike kisa ki lakòz maladi a oswa san k'ap vide sou li a. Eksplike kisa w ap fè pou ede. Si li pa vle ansent ankò, ede li chwazi yon metòd planin k'ap bon pou li (wè chapit 17, paj 298).

Koute epi bay sipò

Mande li si li vle pale sou kouman li santi li. Li ka pa rakonte w si w pa mande l. Koute li si li vle pale oswa kriye. Rekonfòte li menm jan w tap rekonfòte yon moun w renmen oswa yon zanmi.

Pa blame fanm nan paske li malad

Gen moun ki panse ke fanm yo malad paske yo merite malad. Pa egzanp, gen fanmsaj ki panse ke fanm ki fè foskouch yo pèdi gwosès la paske yo se move moun. Gen lòt ki panse ke fanm ki malad apre yo fin fè yon avòtman jwenn pinisyon paske yo te fè avòtman. Avrèdi pèsòn pa merite malad, epi tout moun merite jwenn swen lè yo malad.

Blame fanm yo paske yo malad pa ede yo jwenn lasante.

Pran swen kò a apre avòtman oswa foskouch.

Kontwole siy kò fanm nan – pa egzanp tanperati, poul, ak kantite san ki koule. Sa ap ede w konnen ki kalite asistans medikal li bezwen.

BON SIY

- Mild pains or cramps in the lower belly for a few days.
- Light bleeding (up to the same amount as normal monthly bleeding) for a few days or very light spotting for up to 2 weeks.



MOVE SIY

- Gwo lakranp anba vant.
- Anba vant la di oswa li anfle.
- Gwo pèt de san, gwo kayo san, oswa san an vide pandan plis ke 2 semèn.
- Vajen an gen movèz odè.
- Tanperati kò a wo, 38 C (100.4 F) oswa pi wo
- Poul kò a bat vit, plis ke 100 fwa nan yon minit
- Anvi vomi
- Vètij oswa tèt vire.

Ou dwe poze l kesyon sou gwosès sa a.

Chache konnen konbyen mwa li te genyen. Li pi fasil pou ede yon fanm ki fè foskouch oswa avòtman nan premye mwa gwosès li ke yon fanm sa rive pita nan gwosès li. Si yon fanm te ansent pandan plis ke 3 mwa, epi li vin gen pwoblèm, chache jwenn asistans medikal.

Mande kouman avòtman an oswa foskouch la te fèt. Si fanm nan te fè yon foskouch oswa si se yon travayè lasante eksperimante ki sèvi ak zouti esterilize pou fè avòtman an pou li, fanm nan gen mwens chans pou li blese oswa pou li trape yon enfeksyon ki grav, ke yon lòt ki te avòtman ak zouti ki pa esterilize. Pa egzanp, si fanm nan di w ke yon moun te sèvi ak yon filfè pwenti pou li fè avòtman, w ap konnen pou chache wè si li blese anndan kò li (paj 413).

Rès chapit sa a eksplike kouman pou ede yon fanm ki gen pwoblèm apre yon foskouch oswa yon avòtman.

Sonje, fanm ka pa prese pale sou sa ki te pase apre yon foskouch oswa yon avòtman. Poze li kesyon ak anpil respè. Epi asire w ke fanm nan konnen w pap pataje sa li di w yo ak lòt moun eksepte ak lòt travayè lasante.

Di fanm yo kouman pou yo pran swen tèt yo

Yon fanm dwe byen pran swen tèt li pou kèk jou apre yon foskouch oswa apre yon avòtman. Sa ka fè li evite trape enfeksyon, epi sa ka ede kò li geri pi vit. Fanm dwe:

- bwè anpil likid epi manje manje ki gen anpil nitriyan (wè paj 33 a 42).
- repoze souvan
- evite travay ki di pandan yon semèn
- benyen detanzantan, men li pa dwechita sou vaz pou l fè twalèt ni nan yon kivèt dlo pou li benyen toutotan poko gen plizyè jou depi san an rete.
- sèvi ak sèvyèt pwòp oswa kotèks pou kenbe san an, epi chanje kotèks la souvan.




Epitou, fanm nan pa dwe mete anyen andedan vajan li; li pa dwe fè sèks omwens pandan 2 semèn, oubyen kèlke jou apre san an fin rete.

Swen dijans pou pwoblèm ki rive apre foskouch oswa avòtman

2 pi gwo pwoblèm ke fanm ka genyen apre foskouch oswa avòtman se pèt de san oswa enfeksyon.

Enfeksyon ka rive lè:

- rès dechè gwosès la rete andedan matris fanm nan apre foskouch la oswa avòtman an (wè paj ki vin apre a).
- mikwòb antre andedan matris la pandan avòtman an, lè yon bagay ki pa esterilize te touche ak matris la.



Wè paj 409 pou plis enfòmasyon sou enfeksyon.




Ka gen **pèt de san** lè:

rès dechè gwosès la toujou andedan matris fanm nan apre yon foskouch oswa avòtman

- gen yon zouti ki blese matris la oswa vaje an pandan avòtman an (wè paj 413). matris la enfekte.



ATANSYON! Si yon fanm ap bay anpil san oswa li gen yon enfeksyon grav, li ka fe chòk (wè paj 414) oswa li ka menm mouri. Chache jwenn asistans medikal byen vit.



Si w gen eksperyans nan ede fanm apre yon avòtman ki mal fèt oswa yon foskouch, ou ka ba li asistans w menm.


Avòtman enkonplèt (dechè gwosès la rete andedan matris la)

Avòtman ki enkonplèt se pi gwo rezon ki lakòz pèd de san ak enfeksyon. San an ak enfeksyon an pap kanpe toutotan rès dechè gwosès pa soti nan matris la.

MOVE SIY

• Rès gwosès la soti nan matris la. Si w fe yon egzamen basen w ka wè moso tisi ki ap soti nan kòl matris la oswa w ka santi matris la toujou gwo paske li gen rès gwosès la andedan l.

- **Enfeksyon.** Fanm nan ka gen yon fyèv, move sant ap soti nan vajen li, oswa li gen doulè nan vant. (Wè paj 409.)
- Anpil san ap soti nan vajen. (Wè paj 412.)



Tretman pou avòtman enkonplèt


Gen anpil fason pou netwaye matris la apre yon avòtman ki pa fin fèt. Nan liv sa a, nou eksplike kòman pou sèvi ak:

- Pomp aspiratè (kitaj)
- medikaman
- pens oswa lòt mwayen pou retire rès gwosès la nan kòl matris la si w pa ka sèvi ak 2 premye metòd yo.

Pomp aspiratè (kitaj)

Pi bon tretman pou avòtman ki pa fin fèt se sèvi ak yon pomp aspiratè (AVM) pou netwaye matris la (wè chapit 23, paj 416). Menm si leplisouvan pomp la bon pou 3 premye mwa gwosès

sèlman, li bon pou w eseye sèvi avèk li apre yon fanm fè yon avòtman ki enkonplèt.



Sereng ak kanil pou pomp aspiratè a.

Trete avòtman enkonplèt ak medikaman

Gen de (2) medikaman ki ka ede netwaye matris la apre yon avòtman ki pa fin fèt - mizopwostòl (misoprostol) ak ègometrin (ergometrine). Mizopwostòl dwe antre andedan vajen an - li fè matris la kontrakte epi li pouse tout rès dechè gwosès la deyò. Li pi bon pou sèvi ak medikaman sa a lè fanm nan ka jwenn swen dijans, tankou kitaj, paske medikaman an ka lakòz li bay anpil san, epi li pa toujou fin netwaye matris la nèt. Egometrine se yon lòt medikaman ki lakòz kontraksyon; w ka bay li kòm konprime oswa piki.



Pou netwaye matris la apre yon avòtman enkonplèt

- mete 800 mcg (mikwogram) mizopwostòl (misoprostol)..... nan bouch.

Mete 400mcg bo kote chak machwe jiskaske pilil yo fon epi vale yo. Si fanm nan paka vale mete pilil yo nan twou deye fanm nan kote yo ka fòn pou kò a kapab absobe yo. Ou ka bay misopwostol jiska 2 fwa, chak 24 è de tan.

oswa

- bay yon piki .2mg ègometrin (ergometrine)..... nan mis, yon sel fwa selman

Lè se mizopwostòl ki sèvi pou tèmine yon gwosès

Mizopwostòl ka sèvi ansanm ak lòt dwòg, leplisouvan ak mifepristòn (mifepristone), pou tèmine yon gwosès nan 3 premye mwa yo (wè paj 485). Paske mizopwostòl (misoprostol) disponib nan famasi epi li pa chè, se ak li sèlman kèk fanm sèvi pou yo fè avòtman.


Li enpòtan anpil pou gen swen dijans disponib lè w sèvi ak mizopwostòl (misoprostol) pou tèmine yon gwosès paske li ka lakòz anpil san koule, avòtman enkonplèt, oswa lòt pwoblèm grav. Lè w sèvi ak mizopwostòl (misoprostol) sèlman pou netwaye matris la, li ka pran anpil tan oswa menm plizyè jou pou l fin debarase. Si l pa ka fin netwaye matris la nèt, fanm nan dwe chache jwenn yon moun pou netwaye matris la yon lòt fason.




ATANSYON : Pa ititze misopwostòl apre 12 semèn de gwosès (3 mwa). Matris la vini pi sensib epi li kapab dechire louveri.

Retire rès dechè gwosès ki nan kòl matris la

Si w pa ka sèvi ak pomp aspiratè (MVA), ou pa ka bay medikaman, epi w pa ka jwenn yon lòt moun pou netwaye matris la, fè yon egzamen ak yon spekilòm (wè paj 377) epi chache jwenn rès dechè gwosès la oswa kayo san ki soti nan kòl matris la. Sèvi ak yon pens regilye ki esterilize oswa yon pens cheve esterilize ki long pou w ka retire rès dechè yo ak kayo san an. Fason sa a pa toujou efikas, men li pi bon ke anyen menm.



Si w pa gen yon espekilòm men w konnen kòman pou w fè yon egzamen ak 2 dwèt (wè paj 384), lave men w byen, answit mete gan plastik ki esterilize. Mete 2 dwèt nan vajen fanm nan pou w touche matris li. Deplase dwèt ou, mete yo nan pasaj kòl matris la. Si w santi rèz dechè ap soti andedan kòl matris la, eseye retire li byen dousman. Si li twò glise pou kenbe, vlope dwèt w ak twal gaz ki esterilize, oswa yon ti moso twal fen ki esterilize, epi eseye ankò. Li ka fè fanm nan mal anpil, alò fè li byen dousman. Metòd sa a pa twò efikas, men li pi bon ke si w pa fè anyen menm.



ATANSYON! Si w pa ka retire dechè gwosès ki rete apre yon avòtman ki enkonplèt, w dwe chache jwenn asistans medikal menm kote a pou rèz dechè gwosès la ka soti. Pandan w sou wout pou ale nan sant medikal la, bay fanm nan tretman pou enfeksyon ak medikaman ki ekri nan paj 410, epi siveye pou wè si li pap rantre an chòk (paj 414).



Apre w fin retire rèz dechè gwosès la:

- Manyen matris la pa deyò pou wè si li mou. Fwote matris la chak kelke zèd tan pou li ka rete di (wè paj 224).
- Siveye siy enfeksyon (li sa ki ekri pi ba a).

Enfeksyon


Yon fanm ki gen enfeksyon nan matris se gwo danje. Enfeksyon sa a ka lakòz matris la blese, epi li ka pwopaje nan san an (sepsisite). Sepsisite se gwo danje epi li ka lakòz lòt pwoblèm sante oswa lanmò. Rezon prensipal ki lakòz fanm yo trape enfeksyon apre avòtman paske avòtman an te fèt ak zouti ki pa esterilize, oswa apre foskouch oswa avòtman ki enkonplèt. Sepandan, menm yon avòtman ki te byen fèt ka lakòz enfeksyon kèk fwa.

MOVE SIY

- Tanperati Kò a wo, pi wo ke 38° C (100.4° F).
 - Poul kò a bat vit, plis ke 100 fwa nan yon minit.
 - Kò a ap tranble (frison).
 - Vant anfle, vant di, oswa doulè vant.
 - Likid ki soti nan vajen an gen move sant.
- Kò kraze oswa feblès.

Pou ede yon fanm ki trape enfeksyon

- Si li toujou gen rès dechè gwosès la nan matris li, enfeksyon an pap amelyore jiskaske rès dechè sa a soti. Sèvi ak youn nan metòd ki nan paj 407 ak 408 la pou netwaye matris la.
- Ba li antibyotik (wè sa ki ekri pi ba a)
- Li paj 411 pou jwenn enfòmasyon sou fason pou evite enfeksyon tetanòs.
- Ankouraje fanm nan bwè anpil likid. Sa ap ede kò li konbat enfeksyon. Si li gen difikilte pou li bwè, ba li likid reidratasyon, (paj 160), likid nan dèyè (paj 342), oswa sewòm nan venn (paj 350).
- Ankouraje fanm nan manje manje ki nitritif. Fwi ki fre, tankou zoranj, gwayav, papay, mango, epi lamveritab genyen vitamin C ki ede konbat enfeksyon.
- Si w konnen kijan pou sèvi ak remèd fèy pou rete enfeksyon, fanm nan ka pran yo, men **pa mete okenn remèd fèy nan matris la.** (Wè paj 19 pou kèk konsèy sou fason pou deside si remèd fèy bon oswa si li se danje.)



Pou trete enfeksyon



Chache jwenn asistans medikal. Sou wout la, bay remèd sa yo. Pou tout enfòmasyon sou remèd sa yo, wè paj vèt nan liv sa a ki pale de medikaman apati de 463.

- ba li yon piki yon (24) gram anpisilin.....nan mis, epi diminye dòz la a 1g fwa pa jou

epi

- ba li yon piki 30mg (miligram) jentamisin (gentamicin) oswa 5mg pou chak kg fanm nan pese.....nan mis, 1 fwa pa jou

epi

- bay li 400 rive 500 mg (miligram) metwonidazòl (metronidazole).....nan bouch, 3 fwa pa jou

Pa kontinye bay piki antibyotik la lè siy enfeksyon an disparèt depi 2 jou (48 tè). Answit kòmanse ba li konprime doksisisiklin (doxycycline) nan.

Lè siy yo disparèt depi 2 jou (48 tè)

- bay 100 mg (miligram) doksisisiklin (doxycycline) nan bouch, 2 fwa pa jou pandan 10 jou

Si w pa ka bay medikaman an nan piki oswa w pa gen medikaman nou soti site la yo

W ka bay li medikaman nan bouch pito.

- bay 3.5 g (gram) anpisilin (ampicillin).....nan bouch, yon sèl fwa

epi

- bay 100mg (milligram) doksisisiklin (doxycycline).....nan bouch, 2 fwa pa jou

pandan 10 jou

Tetanòs

Avòtman ki danjere ka lakòz tetanòs. Yon kalite enfeksyon.

Fanm ki pat pran vaksen kont tetanòs gen anpil chans pou yo tonbe malad oswa pou yo menm mouri ak enfeksyon tetanòs si nenpòt zouti ki pa esterilize te antre nan matris yo yon avòtman.



Si yon fanm te gen yon avòtman ki mal fèt, epi li petèt pat vaksinen kont tetanòs pandan 10 lane ki sot pase yo, ba li yon piki kont tetanòs san pèdi tan.

Pou pwoteje kont yon enfeksyon tetanòs




- bay yon vaksen ki gen 1500 inite tetanòs antitoksin (tetanus antitoxin).....nan mis

epi apre 4 semèn

- bay yon vaksen 0.5 ml tetanòs toksoyid (tetanus toksoid).....
.....nan mis

Siy tetanòs

- maltèt
- difikilte pou vale
- kou rèd
- machè sere
- kò rèd
- kontraksyon ki bay doulè nan mis
- kriz tonbe



Siy enfeksyon tetanòs yo ka kòmanse nan premye semèn yo apre fanm nan trape enfeksyon an.

Si yon fanm gen tetanòs, li dwe chache asistans medikal menm kote a. Pandan li prale, mete li kouche sou kote, fè li rete byen kal, epi pa kite limyè/klète frape sou li.

Tout fanm dwe vaksinen pou anpeche yo trape tetanòs. Wè paj 102 pou enfòmasyon pou vaksen tetanòs.

Pèt de san

Apre yon foskouch oswa yon avòtman, li nòmal pou san kontinye koule kòm si fanm nan te gen règ li. Kèk fanm genyen yon ti kantite san ki kontinye koule jiskaske 2 semèn. Apre detwa jou, san an sipoze gen koulè nwa, li pa dwe twò wouj. Si fanm nan bay plis san ke kantite sa a, li pa nòmal epi li ka danjere. Si yon fanm bay anpil san apre yon avòtman, sitou si san sa a wouj anpil epi li gen kèk kayo san ladan l, sa vle di se san frèch k'ap koule a. Fanm nan an danje; san an dwe rete. Si li kontinye ap bay san, li ka gen lòt pwoblèm sante (paj 414) oswa li ka menm mouri.

Fanm bay twòp san apre yon avòtman oswa foskouch lè:

- matris la pa ratresi jan li ta sipoze a.
- rèz dechè gwosès la rete nan matris la.
- fanm nan blese sou andedan (wè paj 413).

Yon fanm ka ede tèt li si li ap bay anpil san




Si yon fanm ap bay san epi li pa gen pèsòn ki pou edel, li ka eseye rete san an pou kont li. Li pwobab pou metòd sa a pa sifi pou rete san an, men li ka ralanti l.

Pandan fanm nan kouche oswa li akwoupi, fwote anba vant la byen fò pou matris la ka vin ratresi. Si gen rèz dechè gwosès la nan matris li, fanm nan ka pouse l deyò tankou li t'ap pou pou, oswa tankou li t'ap pouse yon pitit.

Men sa ki ka fèt pou ede yon fanm kap bay san

1. Netwaye matris la pou san an ka rete (wè paj 407).



Mwen bezwen netwaye matris la pou san an ka rete. Li pap pran twòp tan.



2. Fwote matris la detanzantan jiskaske li vin di (wè paj 224) pou san an ak rèz dechè yo ka soti.
3. Tcheke pou wè si fanm nan fè enfeksyon.
4. Gade wè si fanm nan pa gen lòt pwoblèm lasante (wè paj 414).

Blese entèn (blese ki andedan kò a)

Zouti file ki te sèvi pou fè yon avòtman leplisouvan bay fanm nan blese pa anndan, li fè yon twou nan matris li. Zouti sa a tou ka fè malè nan lòt ògan andedan kò fanm nan pa egzanj tankou nan ovè, entesten, oswa vesi (blad pise) fanm nan.

Lè yon fanm gen blese entèn li ka genyen san anndan vant li ke w pa ka wè. Osinon li ka gen san ki soti nan vajen li ke w ka wè.

WARNING SIGNS

- Vant fanm nan rèd, li di epi li pa fè bri.
- Gwo doulè oswa kranp nan vant.
- Fyèb frison oswa tranbleman.
- Noze ak vomisman.
- Doulè nan youn oswa nan tou de zèpòl.
- Lòt pwoblèm maladi tankou tansyon ak lafyèv.



ATANSYON! Nenpòt fanm ki gen yon blese entèn dwe ale nan yon lopital oswa yon sant sante touswit pou l fè operasyon. Si li pa fè operasyon l ap mouri.

Pandan li sou wout prale nan sant medikal la, bay fanm nan tretman kòm si se te pou lòt pwoblèm tankou tansyon ak lafyèv (wè paj ki vin apre a), men pa ba li manje oswa likid nan bouch. (Pa gen pwoblèm si w ba li medikaman nan bouch ak yon ti dlo pou li ka vale medikaman.)



Chòk


Si yon fanm trape yon enfeksyon grav oswa li ap bay anpil san, li ka vin genyen oswa rantre an chòk.

MOVE SIY


- Li santi l ap dekonpoze, li toudi, li fèb, l ap boukante pawòl.
- Li pal epi swe li frèt.
- Poul li bat vit, plis ke 100 fwa nan yon minit.
- Souf li wo.
- Tansyon li desann
- Kèk fwa, li pèdi konesans.

Chache jwenn asistans medikal byen vit. Ou dwe ba li tretman pou chòk la yo dabò pou w ka sove lavi l. Answit swiv direksyon ki nan kòmansman chapit sa a pou w ka rete san an oswa enfeksyon an.

Pandan w sou wout pou ale nan sant medikal la: Fè fanm nan kouche, mete pye li pi wo ke tèt li, epi vire tèt li sou kote



- Ba li bwè likid. Si li gen konesans, li ka bwè dlo oswa likid reidratasyon (wè paj 160). Si li pèdi konesans, ou ka ba li likid nan dèyè (wè paj 342) oswa ba li sewòm, si w konnen kijan (wè paj 350).



- Si li pa gen konesans, pa ba li anyen nan bouch – ni medikaman, ni likid, ni manje.

Travay ak kominote a pou evite avòtman ki danjere

Anpil enfòmasyon ki nan chapit sa a pale sou kouman pou sove lavi yon fanm apre yon move avòtman oswa ki fèt mal fèt. Ou ka fè plis bagay pou pwoteje sante fanm yo lè w fè efò pou konprann epi pou anpeche kominote a gen bagay ki lakòz avòtman ki mal fèt.

Reflechi sou kòman bagay yo ka chanje nan yon fason pou fanm ka pa bezwen fè yon avòtman ki danjere. Answit travay pou anpeche move pratik sa yo fèt nan kominote a. Gen fanmsaj ki bay fanm yo leson sou planin famiyal. Gen lòt ki travay pou chanje fason kominote a panse sou kesyon avòtman. Gen lòt ki travay pou yo chanje règleman yo.

Ankouraje fanm ak lòt moun nan kominote pou yo diskite sou lawontèz ak kè sote fanm yo genyen lè yo malad a koz de yon move avòtman. Travay pou jwenn yon solisyon kominotè ki pou ede plis fanm jwenn swen ke yo bezwen.

